

Kesyon Yo Souvan Poze pou 988



Kisa 988 ye?



988 se nouvo nimewo ki gen twa chif ki konekte moun avèk Sant Sekou Prevansyon Swisid Nasyonal la. **Sèvis sa a pou nenpòt ki moun ki:**

- anvi touye tèt yo
- gen yon pwoblèm ki gen rapò ak sante mantal oswa konsomasyon dwòg
- gen nenpòt ki kalite doulè nan domèn emosyonèl

988 plis pase yon nimewo. Li se yon lyen dirèk pou w jwenn swen ki demontre konpasyon pou ou e ki aksesib. Lè w rele, voye mesaj tèks, oswa tchat avèk 988 ou konekte avèk konseye ki fòme ki fè pati rezo Sekou Prevansyon Swisid Nasyonal la. Itilize 988 pa vle di 1-800-273-8255 pa la ankò. Itilize nenpòt nan nimewo yo ap konekte moun nan avèk menm sèvis yo.

Poukisa nou bezwen 988?



Sante mantal enpòtan menm jan ak sante fizik. Kounye a gen yon nimewo ki twa chif pou ijans sante mantal ki fasil pou moun sonje. **988 ede Nouyòk:**

- Konekte avèk moun k ap goumen avèk pwoblèm sante ki gen rapò ak konpòtman (sante mantal ak/ oswa konsomasyon dwòg) pi vit posib, 24/7.
- Diminye itilizasyon fòs lòd ak lòt resous sekirite nan reponn kont kriz ki pa nesèsè.
- Reponn ak bezwen pou entèvasyon kont kriz k ap ogmante kote yo plis bezwen l.
- Chanje mantalite konsènan moun k ap goumen ak pwoblèm sante mantal yo.
- Diminye depans swen sante gras ak yon entèvasyon bonè ki pi efikas.

Èske y ap ofri sèvis yo nan lòt lang?



Nan moman an, Sant Sekou a bay sèvis telefòn sant kriz an dirèk ann Anglè ak ann Espanyòl epi itilize Liy Solisyon Lang lan pou bay sèvis tradiksyon nan plis pase 150 lòt lang.

Èske li koute kòb pou m itilize 988?

Kontakte 988 se yon sèvis gratis.

Kiyès ki ka kontakte 988?



988 pou tout moun epi li plis ke yon liy 'swisid'. **Kontakte 988 si w:**

- anvi touye tèt yo
- gen yon pwoblèm ki gen rapò ak sante mantal oswa konsomasyon dwòg
- gen nenpòt ki kalite detrès emosyonèl
- enkyè pou yon moun ki an detrès.

988 pou moun tout laj, jan an, sèks, etnisite, ras, relijyon, oryantasyon seksyèl ak estati sosyoekonomik. Si w se yon Ansyen Militè oswa yon moun ki pale Espanyòl, 988 gen liy ki la espesyalman pou ou.

Kisa ki rive lè mwen kontakte 988?



Lè w kontakte 988, dabò y ap transfere kominikasyon w lan bay yon sant Sekou kriz lokal dapre aryè kòd ou. Yon konseye kriz ki fòme pral reponn epi tande kijan pwoblèm ou an afekte w. Aprè sa l ap ba w sipò epi pataje resous avèk ou si sa a nesèsè. Si yon sant kriz lokal pa kapab pran apèl la, y ap transfere apèl ou a otomatikman bay yon sant kriz soutyen nasyonal. Tout kominikasyon avèk 988 volontè.

Ki diferans ant 988 e 911?



988 bay aksè fasil ak rezo Sekou Prevansyon Swisid Nasyonal la ak resous kriz ki lye yo. → Ki diferan de 911, ki konsantre sou voye Sèvis Medikal Ijans, dife, ak polis lè sa a nesèsè. Objektif 988 se pou reponn ak swisid ak bezwen swen kriz ki lye ak sante mantal.

Aprann plis
sou 988:



Pou mande tradiksyon
dokiman sa a:

